

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Satuan Pendidikan	: SMP Negeri 1 Kebumen
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Kelas/Semester	: VII/2
Tema	: Teks cerita wayang Ramayana lakon <i>Kidang Kencana</i>
Sub tema	: Meringkas teks wayang Ramayana ( <i>Kidang Kencana</i> )
Alokasi Waktu	: 10 Menit

### A. Tujuan Pembelajaran

Setelah mengikuti kegiatan pembelajaran diharapkan peserta didik dapat :

1. Berdoa kepada Tuhan Yang Maha Esa sebelum peserta didik melaksanakan pembelajaran.
2. Peserta didik dapat menggunakan bahasa Jawa di kelas saat pelajaran bahasa Jawa dengan baik.
3. Peserta didik dapat mengenal tokoh dan perwatakan cerita *Ramayana kidang Kencana*.
4. Peserta didik meringkas teks cerita wayang *Ramayana Kidang Kencana*.

### B. Kegiatan Pembelajaran

#### a. Kegiatan Pendahuluan (1 menit)

1. Guru memberi salam, Peserta didik merespon salam dari guru.
2. Guru menunjuk salah satu peserta didik memimpin doa, salah satu peserta didik memimpin doa.
3. Guru memberi informasi tentang materi yang akan disampaikan, Peserta didik menerima informasi dari guru.
4. Guru menyampaikan informasi tentang kompetensi dasar dan capaian pembelajaran materi hari ini, peserta didik menerima informasi yang disampaikan guru.
5. Guru menampilkan dan memperkenalkan tokoh-tokoh wayang Ramayana, peserta didik memperhatikan.

#### b. Kegiatan Inti (8 menit)

1. Peserta didik memperhatikan tayangan slide powerpoint.
2. Guru membagikan gambar tokoh wayang Ramayana.
3. Peserta didik berdiskusi kelompok belajar untuk berdiskusi tentang tokoh dan watak cerita wayang *Ramayana Kidang Kencana*.
4. Peserta didik berdiskusi untuk menyusun ringkasan cerita wayang *Ramayana Kidang Kencana*.

5. Peserta didik menyampaikan hasil diskusi secara lisan dan mengumpulkan hasil kerja.

**c. Kegiatan Penutup (1 menit)**

1. Dengan sikap tanggung jawab, peduli, responsif, dan santun siswa bersama guru menyimpulkan pembelajaran.
2. Dengan sikap peduli, responsif, dan santun siswa mendengarkan umpan balik dan penguatan dari guru atas pernyataan mereka tentang pembelajaran yang sudah dilakukan.
3. Dengan sikap tanggung jawab, peduli, responsif, dan santun siswa menyimak informasi mengenai rencana kegiatan pembelajaran untuk pertemuan berikutnya.

**C. Penilaian**

**1. Teknik Penilaian**

No.	Indikator	No. Butir
1	Siswa dapat mengenal tokoh dan perwatakan cerita wayang <i>Ramayana Kidang Kencana</i> .	1
2	Siswa dapat menulis ringkasan cerita wayang <i>Ramayana Kidang Kencana</i> .	2

**1. Instrumen Penilaian**

**Intrumen Penilaian**

**a. Pengetahuan**

- 1) Adhedhasar wacan cerita *Ramayana Kidang Kencana*, golekana asmane gambar tokoh wayang iki karo kelompokmu!
- 2) Andharna kanthi lesan ringkesan crita wayang *Ramayana Kidang Kencana* kang wis kotulis!

**Pedoman penskoran**

1. Menyebutkan nama dan watak tokoh wayang.  
Skor maksimal 12
2. Kerja kelompok meringkas cerita wayang *Kidang Kencana*

Rubrik	Skor
--------	------

sama sekali tidak menunjukkan usaha sungguh-sungguh dalam melakukan kegiatan.	<b>1</b>
menunjukkan sudah ada usaha sungguh-sungguh dalam melakukan kegiatan tetapi masih sedikit dan belum konsisten.	<b>2</b>
menunjukkan ada usaha sungguh-sungguh dalam melakukan kegiatan yang cukup sering dan mulai ajeg/konsisten.	<b>3</b>
menunjukkan adanya usaha sungguh-sungguh dalam melakukan kegiatan secara terus-menerus dan konsisten.	<b>4</b>

$$N = \frac{\text{skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

Kepala sekolah

Martiyono, S.Pd., M.Pd.  
NIP.19730420 199802 1 001

Kebumen, 18 Januari 2020  
Guru Mapel Bahasa Jawa

Nur Sangadah, S.Pd.  
NIP. 19830512 201001 2 038

## B. Materi Pembelajaran

### TOKOH – TOKOH DALAM CERITA RAMAYANA KIDANG KENCANA

#### 1. Sri Rama



Ramawijaya, Raghawa, Rama bhadra utawi Bathara Rama. Saking negara Ayodya, putranipun Prabu Dasarata saha Dewi Raghu, wayahipun Prabu Banaputra. Nalika taksih timur dipun gulawenthah bab kautaman lan kasekten dening Bagawan Wasistha. Sri Rama minangka titisan Sang Hyang Wisnu. Sri Rama garwanipun Dewi Sinta, sasampunipun mimpang ing sayembara menthang Busur Pusaka Kraton Mantili. Sri Rama kagungan putra yaiku Kusiya lan Rama Batlawana.

#### 2. Dewi Shinta



Sinta ugi kasebat dewi Rakyan Sinta, Janaki, utawi Maithali. Putri saking Mantili menika putrid saking Prabu Janaka. Minangka titisanipun dewi Sri Widowati. Minangka garwa Sri Rama, raja ing Ayodya. Kagungan watak setya lan ngabekti marang garwa. Menika kabukten nalika Dewi Sinta dipuncidro dening Rahwan.

#### 3. Laksmana



Laksmana menika putra Raja Dasarata saking praja Kosala, Kakang pambajengipun inggih punika Sri Rama, kakang ingkan nomer kalih inggih punika Bharata, lan rayi ugi kembaranipun asmanipun Satrugna. Ing antawisipun, Laksmana lan Bharata kagungan pasederekan ingkang raket kaliyan Sri Rama.

#### 4. Rahwana



Dasamuka - Yogya - 02 01 01 01

Kasebat uga Dasamuka, Rawana, Dasawadana, Dasanana, Dasawakra, Dasasirsa, Wingsatibahu, Dasasya. Minangka raja ing praja Alengka (Ngalengka diraja). Minangka putra saking Bagawan Wiswara lan Dewi Sukesi. Dasamuka dados Raja ing praja Alengka nggentosi kang eyang asesilih Prabu Sumali. Kagungan patih asmanipun Prahastha. Garwanipun Rahwana inggih punika Dewi Tari, lan kagungan putra asesilih Indrajit. Putra-putranipun inggih punika: Trisirah, Trikaya, Trinetra, Dewantaka, Dewatumut, Pratala maryam. Dasamuka kagungan aji Pancasona. Dasamuka watakipun angkara.

#### 5. Jathayu



Jatayu - Solo - 02 01 01 01

Jatayu inggih punika putra Aruna. Jatayu inggih punika satunggaling peksi ingkan mangertosi nalika Dewi Sinta dipuncidra dening Rawana. Piyambakipun ngupaya menggak saha pasulayan kaliyan Rahwana, ananging kawon lan gugur nalika prang tanding kaliyan Rahwana. Ananging saderengipun pejah sampun ngaturaken bab dewi Sinta ingkan kadusta dening Rahwana.

### Teks cerita wayang Ramayana lakon *Kidang Kencana*

#### KIDANG KENCANA



Nalika Rama, Sinta, lan Lesmana ngumbara, tindhkipun dumugi ing tengahing wana. Boten antawis dangu kekiteran satunggaling kidang kencana. Pirsu kidang kencana, dewi Sinta nyuwun dipuncepengaken dening ingkang garwa. Sang Rama tumuli ambujung Kidang Kencana. Pegat, apisah, Rama lan Sinta, Kidang Kencana tanggap ing sasmita, hangendring cancut mlajar lumebeng wana, Rama saya hanengah saya tebih, denira hapepisan kalawan garwa mayangsari.

Ngancik telenging wana, peteng ndedhet lelimengan, ical lacaking kidang, sapandurat kumlebat katingal kidang kencana haleledhang, Rama sigra hangambat gendewa, menthang langkap, wastra lumepas hangener dhateng kidang, tumancep warayang mring hangganing

Kidang Kencana, gumlundung pejah kasulayah. Eloking kahanan, sareng gumalundung kidang kapiyarsa dumeling swara. Mrica hangemba emba swaranipun Rama jelih-jelih asesambat mring arinta laksmana.

Shinta lan laksmana ingkang hanganti dhatenging ingkang raka Rama dumadakan hamiyarsa suwara nyaring asesambat tiwasing dhiri. Kusumaning ayu dewi Sinta sajroning wardaya , hanyipta lamun swanten ingkang kapiyarsa punika, tuhu swantenipun raka Rama, mila trataban manahira, sigra dhawuh mring ari Laksmana , supaya enggal lumawat mring Rama, aweh pitulungan, Laksmana ingkang wicaksana tansah sung pemut, bilih swara punika sanes swantenipun Rama.

Rama Uninga kalamun kenging apusipun Kidang Kencana . Daya-daya wangsul ing papanipun Shinta Lan Lesmana . Ing satengahing margi Rama kepanggih kaliyan Laksmana. Kekalihipun lajeng wangsul ing papanipun Dewi Shinta. Kejot penggalhipun Sri Rama lan Lesmana dupi anguningani dewi Sinta boten wonten. Kakalihipun ngupadi dewi Sinta.

Ing tengahing margi Rama lan Lesmana kepanggih kaliyan peksi Jatayu. Sasampunipun cariyos menawi dewi Sinta kadusta dening Dasamuka ing Ngalengka, peksi jathayu pejah. Pejahipun peksi jathayu amargi kenging gegamanipun Rahwana nalika peksi jathayu ngalang-alangi Rahwana nggondhol dewi Sinta.

Rama lan Lesmana tumuli nglajengaken lampah madosi dewi Sinta ingkang kadhusta Rama. Ing satengahing margi kepanggih kaliyan wanara seta pun Anoman. Anoman tumuli pratela badhe ngabdi dhateng Sri Rama. Pramila Rama lan Lesmana anggenipun madosi dewi Sinta kabantu Anoman.

Kapethik kanthi owah owahan saka <http://boniephoel.wordpress.com/2010/04/26/cerita-Wayang-ramayana-sintha-kadhusta>.